

**SOAL UJIAN SEKOLAH (US) SDLB
TAHUN PELAJARAN 2021/2022**

Pek baca !

SIREUM JEUNG JAPATI

Aya sireum rek nginum di sisi walungan. Keur ngarayap kahandap, manehna tisoledat. Pluk ragrag kana cai. Hadena caina rada ngeuyeumbeu pelebah dinya mah. Tapi keukeuh bae ari ngojay kasisi mah manehna teu bisaeun. Sireum gegeroan, "Tulung, tulung, ieu kuring rek tikerelep, tulungan..!" Kabeneran aya japati keur cindeten dina dahan kai anu nyodor kaluhureun cai. Kadengeun aya sireum gegeroan menta tulung. Barang ngareret kahandap, katenjoeun sireum keur kokosehan. Japati karunyaean, geleber hibeur bari ngegel daun salambar.

Song diasongkeun daun teh kahareupeun sireum. Sireum tuluy muntang kana daun. Daun kujapati dibawa ka darat. Sok digolerkeun kana taneuh. Sireum pohara nganuhunkeunana ka japati anu geus ngaleupaskeun manehanana dina bahaya.

Dina hiji mangsa japati teh cindeten deui dina dahan kai anu nyodor ka walungan tea. Sireum anu baheula ditulungan ku manehna oge kabeneran aya dihandapeun tangkal. Harita tikajauhan aya paninggaran nyampeurkeun leumpangna keketeyepan

Teu talangke deui buru-buru sireum nyampeurkeun japati bari ngaharewos ka manehna. "Heh japati, buru-buru geura hibeur, tuh aya paninggaran keur ngintip." Panigaran geus ngawengkang bedilna. Teu lila, japati buru-buru geleber hibeur.

Isukna japati papanggih deui jeung sireum. Ceuk japati: "Nuhun pisan sakadang sireum, kuring geus ditulungan ku anjeun, leupas tina balai." Jawab sireum: "Ari eta mah kapanan kawajiban sarerea, nulungan batur anu rek meunang cilaka, eta wajib. Komo ieu mah kuring ayeuna hirup keneh teh lantaran geus ditulungan ku sampean."

Bacaan diluhur kanggo soal no 1-5

1. Judul dongeng diluhur nyaeta
 - A. Japati jeung sireum
 - B. Sireum jeung japati
 - C. Sireum keur ngarayap
 - D. Japati tisoledat

2. Palaku tina dongeng di luhur nyaeta
 - A. Sireum
 - B. Japati
 - C. Sireum jeung japati
 - D. Paninggaran

3. Aya sireum rek nginum di sisi

- A. Walungan
- B. Susukan
- C. Cai
- D. Tangkal

4. Lengkepan kalimah di handap ieu !

Japati teh cindeten deui dina ... kai anu nyodor ka walungan tea

Kecap nu pantes keur ngalengkapan kalimah diluhur nyaeta ...

- A. Daun
- B. Tikajauhan
- C. Dahan
- D. Cai

5. Sireum ditulungan ku japatiku sabab

- A. Aya paninggaran
- B. Tisoledat ka walungan
- C. Sieun tisoledat
- D. Kalaparan

6. Baca kalimah dihandap ieu !

"Sateuacan masihan nasehat dina cariosan salira, pasihan maranehanana nasehat ku sikep salira".

Nasehat nu bisa ku urang di regepkeun tina eta kalimah nyaeta

- A. Memberi nasehat dengan perilaku
- B. Memberi nasehat dengan ucapan
- C. Sebelum memberi nasehat dengan ucapanmu lebih baik tunjukan dengan perilaku yang baik
- D. Memberi nasehat dengan ucapan yang lemah lembut

7. Conto kalimah nu eusina nasehat

- A. "Cing Ujang pangmeulikeun cengek ka warung" !
- B. "Budak eta mah musuhna meuni loba"
- C. "Angga mah budak akur jeung batur"
- D. "Urang hirup di dunya teh kudu akur jeung batur"

8. Cing atuh jeung dulur teh sing akur ulah kawas ...

- A. monyet jeung kuya
- B. peucang jeung buhaya
- C. ucing jeung anjing
- D. sendok jeung garpu

9. Papatah tinu jadi kolot teh urang kudu
- A. diregepkeun
 - B. ngaregepkeun
 - C. ragepan
 - D. karegepkeun
10. Nyarita di hareupeun balarea atawa umum, disebutna
- A. ngadongeng
 - B. pangumuman
 - C. bewara
 - D. biantara
11. Alusna mah teks biantara teh ku urang kudu
- A. ditalar
 - B. dibaca
 - C. diapalkeun
 - D. diinget-inget

Pek hidep baca teks baintara dihandap ieu kanggo soal no 12 - 18 !

Assalamualaikum Wr.Wb

Wilujeng enjing ka sadayana, urang panjatkeun puji sareng syukur ka Allah SWT nu atos masihan kasempatan sareng kasehatan. Nu mana urg tiasa patepang raray di acara ieu. Ibu/Bapak guru anu dipikahormat sareng rerencangan anu dipikacinta, para wargi anu dipikahormat ku simkuring.

Dina waktos ieu abdi bade ngadugikeun pentingna urang ngajaga kasehatan kanggo hirup urang sadayana. Urang sadaya wajib ngajaga kasehatan sareng kabersihan lingkungan, teras urang teh kedah ngalaksanakeun hirup sadidinten jeung cara anu sehat. Misalna meresihan awak pas urang keur ibak, meresihan kuku, nyikat waos anu rutin, jeung sajabana. Tah eta teh conto cara hirup nu sehat.

Conto anu sanesna urang kedah miceun runtah di tempatna, teu kenging sembarang, terus lamun nyiduh ulah di mana wae, batuk atawa beresin ge kudu nutupan bahan ambeh henteu nularkeun virus ka batur. Urang teh kedah mikacinta kanu kabersihan diri urang, sangkan hate urang ge suci jeung bersih.

Hadirin sadayana cekap sakitu pidato tentang kasehatan ieu, hatur nuhun kana perhatosanana.

Waalaikum salam Wr.Wb.

12. Regepkeun kalimah dihanda ieu !

- a) *Hadirin sadayana cekap sakitu pidato tentang kasehatan ieu, hatur nuhun kana perhatosanana.*
- b) *Wilujeng enjing ka sadayana, urang panjatkeun puji sareng syukur ka Allah SWT nu atos masihan kasempatan sareng kasehatan*
- c) *Dina waktos ieu abdi bade ngadugikeun pentingna urang ngajaga kasehatan kanggo hirup urang sadayana*
- d) *Misalna meresihan awak pas urang keur ibak, meresihan kuku, nyikat waos anu rutin, jeung sajabana. Tah eta teh conto cara hirup nu sehat*

Kalimah nu ka asup bubuka biantara, nyaeta

- A. Misalna meresihan awak pas urang keur ibak, meresihan kuku, nyikat waos anu rutin, jeung sajabana. Tah eta teh conto cara hirup nu sehat
- B. Hadirin sadayana cekap sakitu pidato tentang kasehatan ieu, hatur nuhun kana perhatosanana.
- C. Wilujeng enjing ka sadayana, urang panjatkeun puji sareng syukur ka Allah SWT nu atos masihan kasempatan sareng kasehatan
- D. Dina waktos ieu abdi bade ngadugikeun pentingna urang ngajaga kasehatan kanggo hirup urang sadayana

13. Nu kaasup kagiatan ngajaga kasehatan tina bacaan diluhur nyaeta

- A. nyikat waos anu rutin
- B. kukumbah piring
- C. nyeuseuh baju
- D. rutin tuang bubuahan

14. "*Hadirin sadayana cekap sakitu pidato tentang kasehatan ieu, hatur nuhun kana perhatosanana*".

Kalimah diluhur, nyaeta kalimah biantara

- A. Bubuka
- B. Eusi
- C. Panutup
- D. Parentah

15. Nu dicaritakeun tina biantara diluhur nyaeta

- A. Ngajaga kasehatan
- B. Ngajaga kabersihan
- C. Ngajaga kaamanan
- D. Ngajaga lingkungan

16.

Cara anu sae mun urang batuk, nyaeta



- A. Pas batuk baham kudu dibuka nu lebar
- B. Lamun urang batuk baham kudu di tutupan meh teu nularkeun virus
- C. Lamun urang batuk baham urg ditutup ku panangan
- D. Lamun urang batuk kudu milarian tempat nu kosong

17. Dihandap ieu anu kaasup istilah kaséhatan

- A. nembang
- B. badminton
- C. vaksinasi
- D. renang

18.

Jelema anu katerap ku panyakit sok disebut jelema....



- A. Walagri
- B. gering
- C. waras
- D. cageur

19. Kalimah nu euisna mere kritikan kana hasil gambar nyaeta

- A. Wow, endah pisan ieu lukisan! Cobi tingali, jiga nu lereus nuju menikmati pamandangan.
- B. Sae sih. hanjakal lebarna, warna-warnana teu cocok. Antawis benda nu hiji sareng nu sanesna.
- C. Leres pisan. Nembe ayeuna abdi ningal lukisan nu mirip jiga aslina.
- D. Lukisan ieu biasa wae. Saur abdi mah teu aya nu istimewana.

20. Kalimah dihanda nu mangrupakeun kritikan kana produk nyaeta
- A. Bohlam lampu gamil pegat.
 - B. Magic jar tiasa masak sangu langkung enggal.
 - C. Kapasitas lemari es langkung ageung.
 - D. Mesin cuci kapasitasna langkung ageung, mung daya listrikna alit.
21. Titin. ... ari maneh bet ceurik ?
- A. Di mana
 - B. Saha
 - C. Kunaon
 - D. Iraha
22. Kuring ngarasa bungah jadi juara kelas, Ema oge ... bungaheun pisan.
Lengkepan kalimah di luhur teh ku kecap
- A. Ngaraos
 - B. Rumaos
 - C. Diantos
 - D. Marios
23. Andi nuju ... kaligrafi
- A. Gambar
 - B. Digambar
 - C. Ngagambarkeun
 - D. Ngagambar
24. Ari bumina Bu Dedehe nu ... mana ?
- A. Belah
 - B. Palih
 - C. Malik
 - D. Nyangirah
25. Upami solat teh atuh kedah ... prak prakanana
- A. Leres
 - B. Kaleresan
 - C. Leres-leres
 - D. Leresan

26.  Mamah nuju ... bubuahan sareng sayuran ka asar lembang

- A. Meuli
- B. Barang meuli
- C. Meser
- D. Ngagaleuh

27.  Asalna ti cina, tapi kiwari mah ... teh geus jadi kadaharan has Sumedang

- A. Tempe
- B. Tahu
- C. Oncom
- D. Tauco

28. "...panas euy, leungeun kuring kapétél ruhak tina seuneu durukan!". Kecap anu merenah pikeun nyampurnakeun kalimah diluhur nyaéta

- A. Asyik
- B. sukur
- C. alama
- D. aduh

29. Rangkaian carita nu diwangun ku tahapan-tahapan kajadian ti awal nepi ka ahir. Disebutna

- A. Latar
- B. Tokoh
- C. galur
- D. Amanat

30. Pamaen utama tina caritaan drama, sok disebut

- A. Antagonis
- B. Protagonis
- C. Monolog
- D. Prolog

31. Dongeng nu nyaritakeun kahirupan sasatoan. Disebut carita
- A. Fabel
 - B. Legenda
 - C. Mitos
 - D. Pantasi
32. Palaku dina naskah drama aya
- A. Saurang
 - B. Tilu urang
 - C. Dua urang
 - D. Leuwih ti saurang
33. Nerangkeun waktu, tempat jeung suasana disebatna
- A. Galur
 - B. Latar
 - C. Tema
 - D. Amanat
34. Pesen moral keur nu apresiasi drama atawa anu nonton drama disebatna
- A. Amanat
 - B. Galur
 - C. Jejer
 - D. Latar
35. Jalma anu ngatur para palaku dina hiji pagelaran drama disebatna
- A. Latar
 - B. Palaku
 - C. Sutradara
 - D. Amanat

